



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PREMÈ INISYATIV RABÈ SOU ENSTALASYON POU RECHAJE VEYIKIL ELEKTRIK POU KOTE PIBLIK AK PRIVE

5 Milyon Dola Disponib pou Enstalasyon nan Bilding Apatman, Travay, Sant Komèsyal ak Lòt Espas Piblik ki Nan Kad Charge Ready NY

Nouvo Inisyativ la Sipòte Objektif Enèji Pwòp Gouvènè a pou Diminye Emisyon Gaz A Efè Sèr yo nan 40 Pousan Rive 2030

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia ke gen 5 milyon dola ki disponib nan kad premye rediksyon ki fèk espesifikman pou enstalasyon estasyon rechaj veyikil elektrik nan travay, bilding travay, bilding apatman plizyè fanmi, ak espas piblik tankou sinema, sant komèsyal, pak ak espas yo vann an detay. Enstalasyon estasyon rechaj pou itilizasyon piblik sipòte objektif anbisyè enèji pwòp Gouvènè a pou diminye gaz a efè sèr yo nan 40 pousan rive 2030.

“New York kontinye alatèt nasyon an nan redui anprent kabòn nou paske nou investi ak anpil agresyon nan altènativ enèji pwòp”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè li ogmante aksè piblik pou estasyon rechaj machin elektrik, pwogram sa a pral rann li pi abòdab pou moun New York pou fè chanjman ak yon anviwònman ki apwopriye pou veyikil elektrik, sa k ap debouche sou yon New York ki pi pwòp ak pi vèt pou tout moun.”

“N ap ogmante aksè ak estasyon rechaj veyikil elektrik epi investi nan inisyativ enstalasyon k ap fè pwomosyon pou itilizasyon veyikil elektrik”, **Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul te deklare.** “Kominote atravè eta a ap pwofite finansman ak pwogram pou sipòte veyikil elektrik, epi finansman sa a fè pati premye rabè pou enstalasyon estasyon rechaj nan bilding travay, bilding apatman, ak lòt kote kontinye avanse objektif enèji pwòp nou yo epi ede kominote yo vin pi vèt ak pi an sante pou jenerasyon k ap vini yo.”

Tandiske se Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ki jere li, nouvo inisyativ Charge Ready NY (New York Pare pou Chaje) bay yon rabè 4,000 dola pa pò pou chaje pou anplwaye piblik oswa prive, pwopriyete bilding, minisipalite ak òganizasyon san pwofi pou enstale estasyon rechaj Nivo 2. Tou depann de pri enstalasyon ak modèl/mak estasyon rechaj la, enstalatè yo ka ekonomize jiska 80 pousan sou total

depans enstalasyon nòmral. Estasyon Nivo 2 bay jiska 40 kilomèt pakou elektrik pou machin pou chak èdtan y ap chaje. Estasyon rechaj yo dwe enstale nan youn nan kalite kote sa yo:

- **Paking piblik:** dwe genyen pou pi piti dis espas paking epi ki ouvri pou piblik la an jeneral pandan pou pi piti 12 èdtan pa jou pandan omwen senk jou pa semèn. Egzanp yo genyen ladan yo paking oswa garaj ke minisipalite oswa antrepriz prive ap dirije, paking espas yo vann an detay, sant komèsyal pou achte, restoran, pak, estasyon tranzit, lekòl ak lòt espas destinasyon.
- **Travay:** dwe genyen pou pi piti dis espas paking k ap desèvi yon minimòm 15 anplwaye k ap travay tou pre oswa nan espas la. Egzanp gen ladann batiman biwo, inivèsite, lekòl ak lopital.
- **Lojman plizyè apatman:** dwe genyen pou pi piti uit espas paking ki desèvi prensipalman yon batiman ki genyen senk oswa plis apatman lojman, tankou bilding apatman, kondominyòm ak koperatif.

Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) pou New York, te deklare, “Gouvènè Cuomo ap konstwi yon veyikil elektrik konpreyansif ak enfrastrikti rechaj atravè eta a pou sipòte sektè elktifikasyon ak transpò -- ki gwo emetè kabò pase tout lòt endistri. New York ap tounen rapidman nan ki sèvi ak teknoloji pwòp ak deplwaman atravè eta a epi jodia n ap fè yon lòt mouvman pou rapwoche nou ak objektif rediksyon emisyon gaz la”.

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York, Alicia Barton, te di, “Gras ak anpil inisyativ tankou Charge Ready NY, Gouvènè Cuomo ap ede moun New York antre nan revolisyon transpò k ap dewoule nan etanou an. Konbine ak Rabè Kondwi Pwòp la (Drive Clean Rebate), ki ofri rabè sou acha veyikil elektrik, inisyativ sa a ap ede diminye emisyon pandan l ap fabrike mwayen transpò ki pi pwòp yon posiblite pou plis kondiktè”.

Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare, “Konstwiksyon yon gwo rezo rechaj machin elektrik se kle pou ankouraje plis moun New York kondui veyikil ak emisyon fèb epi sa ki pral rapwoche Eta New York plis ak objektif enèji pwòp li yo. Nouvo inisyativ veyikil elektrik EVolve NY nou an fokalize sou rezoud baryè enfrakstrikti ak efò konjwen k ap kontinye ansanm ak NYSERDA pral pote chajè ki pi rapid pou biznis ki kalifye ak òganizasyon san pwofi nan pwogram rechaj nan espas travay nou atravè eta a”.

Rabè Charge Ready NY gendwa konbine ak rediksyon taks 50 pousan New York la pou estasyon rechaj k ap enstale yo. Y ap aplike rediksyon taks la lè yo fin resevwa montan rabè a nan men NYSERDA. Rabè Charge Ready NY a pa ka konbine ak lòt pwogram rabè sou rechaj nan Eta New York ke NYSERDA ofri, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation), Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA), oswa lòt enstitisyon eta a.

Sektè transpò a se youn nan pi gwo responsab enèji ki an rapò ak emisyon gaz a efè sèr yo nan Eta New York. Akoz de sa, eta a genyen plizyè inisyativ ak pwogram ki fèt espesyalman pou diminye emisyon sa yo ak sipòte ogmantasyon viyikil elektrik. Inisyativ Rabè Kondwi Pwòp lan ap bay abitan New York yo yon rabè jiska 2,000 dola

pou acha yon nouvell machin elektrik nan men konsesyonè ki ap patisipe yo. Depi lansman li, plis pase 9,000 rezidan New York te resevwa yon rabè ki bay yon total 12 milyon dola.

Nouvo inisyativ sa a sipòte inisyativ Charge NY 2.0 Gouvènè a, ki gen pou objektif pou genyen omwen 10,000 estasyon rechaj atravè New York rive nan fen 2021, yon fason pou machin pwòp ka vwayaje atravè Eta a ak opòtinite pou rechaje sou wout la. Inisyativ la baze tou sou inisyativ Charge NY Gouvènè a, ki te lanse an 2013 epi ki te gen objektif genyen ant 30,000 ak 40,000 machin elektrik sou wout la rive nan fen 2018.

Pou konplete Charge Ready NY, sa ki pral pèmèt òganizasyon piblik ak prive aplike dirèkteman pou rabè, Gouvènè a te anonse pa gen twò lontan yon angajman 250 milyon dola pou Otorite Enèji New York akselere adopsyon veyikil elektrik epi ogmante estasyon rechaj rapid veyikil elektrik a kote koridò transpò kle ak ayeropò Vil New York yo.

Enstitisyon ki entereze enstale yon estasyon rechaj nan lokal yo ka vizite sitwèb NYSERDA a nan www.nyserda.ny.gov pou plis enfòmasyon.

Refòm Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV)

Refòm Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi ekzije 50 pousan nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te atire plis pase 1,000 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, amelyore abòdabilite enèji ki ogmante pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi kreye plizyè milye pòs travay nan manifakti, enjeniri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire New York redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan avan 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou redwi degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan avan 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè an te fè nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon an, tanpri vizite rev.ny.gov epi swiv nou [Twitter](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)